

## **A PWOPO DE CHAMPLAIN HUDSON POWER EXPRESS (CHPE)**

Champlain Hudson Power Express (CHPE) se yon pwojè enfrastrikti ki anba konstriksyon kap jwe yon wòl kle nan tranzisyon Eta New York pou enèji ki pwòp, bese emisyon gaz emisyon sè, redwi politan ki pa bon pou lè, kreye travay, e jenere bilyon de dola nan nouvo envèstisman nan ekonomi Eta New York.

CHPE enplike konstriksyon yon liy transmisyon anba tè ak anba dlo ki kouvri apeprè **339 mil** ant fwontyè Kanada-Etazini ak Vil New York ki pral bay enèji Idrolik a pri konpetitif pandan tout yon ane.

Pwojè a ap kreye apwoksativman **1,400 travay ki soutni fanmi** pandan konstriksyon, avèk yon angajman pou itilize travay sendika.

CHPE genyen ladan'l **\$40 milyon dola Finansman Ekonomi Vèt (GEF)**, ki pral sipòte rezidan K'ap viv nan kominote ki defavorize ak premye liy yo lè li ba yo nouvo opòtinite fòmasyon travay ki pral ede yo pwofite avantaj nan tranzisyon New York nan yon ekonomi vèt.

## **BENEFIS ANVIWÒNMANTAL**

CHPE pral bay ase elektrisite renouvlab pou satisfè **20%** nan bezwen enèji Vil New York, pou li alimante plis pase 1 milyon nan kay New York yo.

Rediksyon emisyon kabòn ki soti nan CHPE a pral ekivalan a retire apeprè **44%** de machin yo nan lari vil New York yo.

Pou asire ke anviwònman an pi pwòp pase lè pwojè a te kòmanse, CHPE pral bay **\$117 milyon** sou 35 ane pou finanse pwogram pwoteksyon anviwònman atravè Rivyè Hudson ak Abitasyon pou Lake Champlain Amelyorasyon, Restorasyon, ak Fon de Plasman pou Rechèch/Amelyorasyon Abitasyon. Administrasyon fon sa a pral sipèvizè pa yon komite ajans regilasyon eta e lokal yo, ansanm ak gwoup defans anviwònman yo, pou asire ke pwojè yo satisfè bezwen lokal yo e ke benefis anviwonman yo maksimize.